

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun desain “*Pre-Test and Post-Test Group*”. Dina ieu desain panalungtikan, tés dilakukeun dua kali, nya éta saméméh ékspérimen jeung saenggeus ékspérimen, (O_1) disebut *pre-test*, jeung (O_2) disebut *post-test*. Bédana antara O_1 jeung O_2 yén $O_1 - O_2$ diasumsikeun mangrupa éfék tina *treatment* atawa ékspérimén (Arikunto, 2006: 84).

Pola :

$O_1 \quad X \quad O_2$

Keterangan :

O_1 = tés awal (pretes)

X = perlakuan

O_2 = tés ahir (postes)

3.2 Populasi jeung Sampel

3.2.1 Populasi

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas IX SMPN 1 Dayeuhkolot. Nu jadi alesan pangna siswa kelas IX nu dijadikeun sumber data lantaran diluyukeun jeung kurikulum (KTSP), nu nétélakeun yén pangajaran nulis hasil wawancara diajarkeun pikeun siswa kelas IX.

3.2.2 Sampel

Pikeun nangtukeun sampel dina ieu panalungtikan, nya éta digunakeun sampel random (sampel acak).

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2002:136). Saluyu jeung tujuan anu baris dihontal, méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi ékspérimén. Ékspérimén hartina panalungtikan anu miboga sistem tur rarancangna (pikeun ngabuktikeun bebeneran hiji tiori, jsb.), sedengkeun kuasi hartina ampir/méh/saperti (Alwi *et al.* 2005:290&604). Nurutkeun Sudjana jeung Ibrahim (2001:18), méthode kuasi ékspérimén nya éta:

“metode yang bersifat prediktif dimana kondisi diatur sedemikian rupa oleh peneliti, perlakuan terhadap objek dilakukan, akibat suatu perlakuan diukur secara cermat, faktor luar yang mungkin berpengaruh dikendalikan dengan harapan derajat kepastian semakin tinggi.”

Léngkah- léngkah Panalungtikan:

- 1) Ngumpulkeun informasi ku cara nalungtik masalah nu rék ditalungtik, nya éta nulis teks wawancara;
- 2) Ngarencanakeun panalungtikan, ngawéngku nangtukeun tujuan nu rék dihontal tina prosés diajar-ngajar, nangtukeun cakupan materi pangajaran, nangtukeun modél jeung léngkah-léngkah pangajaran, nangtukeun alat évaluasi;
- 3) Nguji modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) ku cara méthode kuasi ékspérimén;

- 4) Ngalalisis jeung ngabahas hasil panalungtikan;
- 5) Nyusun laporan hasil panalungtikan.

Léngkah-léngkah modél *Think-Talk-Write* (TTW) dina pangajaran nulis téks hasil wawancara, nya éta di handap ieu.

- 1) Guru ngabagikeun soal anu kudu diréngsékeun ku unggal siswa;
- 2) Siswa diperedih pikeun nyieun catetan leutik ngeunaan bangbaluh anu aya;
- 3) Guru ngabagi kelompok hétérogén, 3-5 urang siswa;
- 4) Siswa ngalakukeun kagiatan nyarita (*talk*) sacara grup pikeun ngébréhkeun ide jeung ngumpulkeun ide sangkan bisa ngungkulan masalah (soal);
- 5) Siswa nyusun hasil diskusi kana wangun tinulis sacara individual;
- 6) Guru ngalakukeun évaluasi.

3.4 Téhnik Panalungtikan

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés nya éta saruntuyan soal atawa latihan jeung alat nu séjénna anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipiboga ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2002:127).

Tés anu digunakeun nya éta pretés jeung postés anu dibikeun ka siswa. Pretés dibikeun ka siswa pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks hasil karangan, saacan ngalakukeun *treatment* ku modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW), sedengkeun postés dibikeun ka siswa sabada *treatment*.

3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Pikeun ngabuktikeun hipotésis jeung ngajawab rumusan masalah dina Bab 1, data anu geus dikumpulkeun dikokolakeun maké sababaraha prosédur, anu ngawengku 1) meunteun téks hasil wawancara, 2) uji sipat data (uji normalitas jeung uji homogénitas), 3) uji *gain*, jeung 4) uji hipotésis.

1) Meunteun Téks Hasil Wawancara

Pikeun meunteun téks hasil wawancara, panalungtik nyindekkeun yén aspék-aspék anu dipaké pikeun ngajén nya éta:

- a. Eusi tina idé anu diébréhkeun;
- b. Organisasi eusi (mekarkeun patalékan, aya hubungan dina antar patalékan);
- c. Tata basa;
- d. Éjahan;
- e. Karapihan tulisan.

Sangkan leuwih jéntré bisa ditingali tina tabél ieu di handap:

Tabél 3.1

Format Penilaian Nulis Téks Hasil Wawancara

Aspek	Skor	Kriteria
EUSI	17 – 20	HADÉ PISAN-HADÉ: ngarti pisan, pinuh ku ide, luyu pisan jeung topik/téma, jéntré pisan.
	13 – 16	HADÉ-SEDENG: ngarti, idena alus, luyu jeung topik/téma, jéntré.
	9 – 12	SEDENG-KURANG: kurang ngarti, idena kurang, kurang jéntré.

	5 – 8	KURANG–KURANG PISAN: teu ngarti, ide na goréng, teu luyu jeung topik/téma.
ORGANISASI	17 – 20	HADÉ PISAN-HADÉ: eusi lengkep pisan, nyambung tur pakait, urutanna alus.
	13 – 16	HADÉ-SEDENG: eusi lengkep, nyambung, urutanna lumayan alus.
	9 – 12	SEDENG-KURANG: eusi kurang lengkep, kurang nyambung, urutanna rada alus.
	5 – 8	KURANG–KURANG PISAN: eusi teu lengkep, teu nyambung, teu cukup pikeun dipeunteun.
TATABASA	17 – 20	HADÉ PISAN-HADÉ: ayana diksi (pilihan kecap) anu merenah tur luyu jeung téma, eusi karangan ngagunakeun struktur basa nu merenah.
	13 – 16	HADÉ-SEDENG: ayana diksi (pilihan kecap) anu merenah tur luyu jeung téma, eusi karangan ngagunakeun struktur basa nu merenah, tapi aya sababaraha kasalahan.
	9 – 12	SEDENG-KURANG: ayana diksi (pilihan kecap) anu kurang merenah, eusi karangan ngagunakeun struktur basa nu kurang merenah.
	5 – 8	KURANG–KURANG PISAN: ayana diksi (pilihan kecap) anu teu merenah, eusi karangan ngagunakeun struktur basa nu teu merenah.
ÉJAHAN	17 – 20	HADÉ PISAN-HADÉ: ngawasa pisan kana kaédah dina nulis kecap, sampurna, lamun aya kasalahan ogé ngan saeutik.
	13 – 16	HADÉ-SEDENG: ngawasa kana kaédah dina nulis kecap, aya sajumlah kasalahan tapi teu nyieun ma'nana robah.
	9 – 12	SEDENG-KURANG: kurang ngawasa kana kaédah nulis kecap, loba kasalahan nu nyieun ma'na jadi teu puguh.
	5 – 8	KURANG–KURANG PISAN: teu ngawasa kana kaedah nulis kecap, teu cukup pikeun dipeunteun.
KARAPIHAN TULISAN	17 – 20	HADÉ PISAN-HADÉ: alus pisan, rapih, babari kabaca, beresih.
	13 – 16	HADÉ-SEDENG: rapih, kabaca, aya saeutik corétan.
	9 – 12	SEDENG-KURANG: kurang rapih, kabaca, loba corétan.
	5 – 8	KURANG–KURANG PISAN: teu rapih, teu kabaca, loba corétan.

(Diropéa tina Kuswari, 2010:183)

2) Uji Sipat Data

a. Uji Normalitas

Tujuan diayakeun uji normalitas nya éta pikeun mikanyaho normal-henteuna distribusi data nu aya. (Somantri & Muhidin, 2006:289) Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat normal atawa henteuna digunakeun rumus *chi kuadrat* (χ^2).

Pikeun nangtukeun uji normalitas, léngkah-léngkahna nya éta:

- (1) Nyieun Tabél Frékuénsi Peunteun

Tabél 3.2

Tabél Distribusi Frékuénsi Peunteun

No	Kelas Interval	f_i	x_i	$f_i x_i$	$x_i - \bar{X}$	$(x_i - \bar{X})^2$	$f_i (x_i - \bar{X})^2$

- 2) Ngitung Rata-rata (*mean*) Peunteun Pratés

$$\bar{X} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

- 3) Ngitung Standar Déviasi (SD)

$$SD = \sqrt{\frac{\sum f_i (x_i - \bar{X})^2}{\sum f_i}}$$

4) Tabél Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Tabél 3.3

Tabél Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

No	Kelas Interval	O _i	B _k	Z hitung	Z tabél	L	E _i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$

a) Nangtukeun Jumlah Kelas

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

b) Ngitung Rentang (r)

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor}$$

c) Ngitung Panjang Kelas

$$p = \frac{r}{k}$$

d) Ngitung Z

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{SD}$$

e) Nangtukeun Ambahan/legana Unggal Kelas Interval (L)

$$L = Z_s - Z_{tabel}$$

- f) Ngitung Frékuénsi Ékspéktasi

$$E_i = L \times N$$

- g) Nangtukeun Chi Kuadrat (χ^2)

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

Katerangan :

O_i = Frékuénsi Observasi

E_i = Frékuénsi Ékspéktasi

- h) Nangtukeun *Derajat Kebebasan*

$$D_b = k - 3$$

- i) Nangtukeun χ^2 Tina Tabél

- j) Nangtukeun Normalitas

Pikeun nangtukeun normalitas distribusi populasi digunakeun kritéria ieu di handap:

$$\chi^2_{itung} < \chi^2_{tabél} \text{ hartina distribusina data normal}$$

$$\chi^2_{itung} > \chi^2_{tabél} \text{ hartina distribusina data teu normal}$$

b. Uji Homogénitas

Tujuan tina uji homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Sarua jeung uji normalitas, pikeun nangtukeun homogén henteuna data ngagunakeun rumus *chi kuadrat*.

Pikeun nangtukeun homogénitas, léngkah-léngkah nya éta:

1) Nangtukeun skor variabel x masing-masing prates jeung pascatés

- Variabel x Praté

$$\begin{aligned} \sum fx^2 &= \dots\dots\dots \\ \sum (fx^2) &= \dots\dots\dots \end{aligned}$$

- Variabel x pascatés

$$\begin{aligned} \sum fx^2 &= \dots\dots\dots \\ \sum (fx^2) &= \dots\dots\dots \end{aligned}$$

2) Nangtukeun Variasi Masing-masing Kelompok.

- Variasi Praté ($S1^2$)

$$S1^2 = \frac{n \cdot \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

- Variasi Pascatés ($S2^2$)

$$S2^2 = \frac{n \cdot \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

3) Distribusi F

$$F = \frac{S^2_b}{S^2_k}$$

- 4) Ngitung db

$$db_1 = n - 1$$

- 5) Nangtukeun F tabél
6) Uji homogénitas

Pikeun nangtukeun homogénitas digunakeun kriteria ieu di handap:

$f_{itung} < f_{tabél}$ hartina variasi sampel homogén

$f_{itung} > f_{tabél}$ hartina variasi sampel teu homogén

(Arikunto, 2002:291)

3) Uji Gain

Tujuan uji *gain* téh nya éta pikeun nangtukeun naha aya bédana antara tés awal jeung tés ahir. Tina uji gain, bisa katitén ayana gambaran ngeunaan pangaruh digunakeunana stratégi modél *Think-Talk-Write* (TTW), dina pangajaran nulis téks hasil wawancara pikeun siswa kelas IX SMPN 1 Dayeuhkolot taun ajaran 2010/2011. Pikeun nguji *gain* digunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.4

Tabél Uji Gain

No	Ngaran Siswa	Praté	Postés	d	d ²
1.					
2.					

4) Uji Hipotésis

Pikeun mikanyaho ayana parobahan anu signifikan atawa henteu tina skor anu geus kakumpulkeun, diayakeun uji t. Uji t mangrupa tés statistik anu bisa dipaké pikeun nguji bédana atawa sasaruuan dua kelompok anu béda. Uji béda dilaksanakeun sabada data diuji normalitas jeung homogénitas variansna. Pikeun nangtukeun uji hipotésis, léngkah-léngkahna nya éta:

- (1) Nyieun tabél uji jumlah rata-rata pratés jeung pascatés

Tabél 3.5

Tabél Uji Jumlah Rata-rata Pratés jeung Postés

No	Pratés	Pascatés	d	d^2	$Xd (d-Md)$

- (2) Nangtukeun *mean* tina béda pratés jeung pascatés kalawan ngagunakeun rumus

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

- (3) *Derajat kebébasan* (db) kalawan rumus

$$db = n-1$$

(4) Ngitung t kalawan rumus

$$\sum x^2 d = \sum x^2 d \frac{(\sum d)^2}{N}$$

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

- Lamun t itung $>$ tabel, hartina hipotésis ditarima, yén strategi modél Think-Talk-Write (TTW) bisa ningkatkeun kamampuh nulis teks wawancara pikeun siswa kelas IX SMPN 1 Dayeuhkolot taun ajaran 2010/2011.
- Lamun t itung $<$ t tabel, hartina hipotésis ditolak, yén strategi modél Think-Talk-Write (TTW) bisa ningkatkeun kamampuh nulis teks wawancara pikeun siswa kelas IX SMPN 1 Dayeuhkolot taun ajaran 2010/2011.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa hal anu penting, sabab hasil henteuna panalungtikan dipangaruhan ku instrumén anu digunakeun. Data anu diperlukeun pikeun ngajawab masalah jeung nguji hipotésis, bisa dikumpulkeun ngaliwatan instrumén pikeun ngumpulkeun data anu bener-bener dirancang jeung dijieun sarta diperlukeun.

Instrumén panalungtikan ieu nyoko kana RPP (*Rencana Pelaksanaan Pembelajaran*) dina pangajaran nulis téks hasil wawancara siswa kelas IX.

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Satuan Pembelajaran : SMP
 Materi Pembelajaran : Bahasa Sunda
 Materi Pokok : Hasil Wawancara
 Kelas/Semester : IX/I
 Alokasi Waktu : 2-4 jam pelajaran

I. STANDAR KOMPETENSI

9.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk surat, berita, teks pidato, hasil wawancara, dan bahasan.

II. KOMPETENSI DASAR

9.4.4 Menulis hasil wawancara.

III. INDIKATOR

- Dapat memilih narasumber untuk diwawancara.
- Dapat menyusun pertanyaan dengan memperhatikan kelengkapan isi.
- Dapat menyusun jawaban narasumber dengan jawaban tertentu.
- Dapat mencatat pokok-pokok perolehan dalam wawancara.
- Dapat menyusun hasil wawancara dengan baik.

IV. TUJUAN PEMBELAJARAN

Siswa dapat:

- Membuat pertanyaan-pertanyaan yang akan diajukan pada narasumber.
- Menyusun hasil wawancara dengan memperhatikan pengembangan isi, organisasi isi, tata bahasa yang baik dan benar, ejaan dan kerapihan penyajiannya.

V. KEGIATAN PEMBELAJARAN

a. Pelaksanaan

- Tegur sapa, mengabsen
- Apersepsi

- Pretes
- Memotivasi siswa

b. Kegiatan Inti

- Membaca contoh laporan hasil wawancara.
- Memilih nara sumber untuk diwawancara.
- Menyusun pertanyaan dengan memperhatikan kelengkapan isi.
- Menyusun jawaban nara sumber dengan jawaban tertentu.
- Menyusun teks pembukaan, penutup hasil wawancara, mencatat pokok-pokok perolehan dalam wawancara.

c. Penutup

- Menegaskan bahan pelajaran.
- Postes.
- Menjelaskan kegiatan lanjutan, termasuk penugasan.
- Menutup pembelajaran.

VI. DESAIN PEMBELAJARAN

a. Pendekatan Pembelajaran:

- Pendekatan kompetensi komunikatif.
- Pendekatan kontekstual.

b. Metode Pembelajaran

- Metode Langsung

c. Teknik Pembelajaran

- Latihan
- Tugas

VII. ALAT/BAHAN/SUMBER PEMBELAJARAN

- Contoh téks hasil wawancara.
- Buku Paket *Maher Basa* hal. 74-82

- Buku Paket *Gapura Basa* hal. 120-128

VIII. PENILAIAN

1. **Teknik Penilaian** : Tes Unjuk Kerja
2. **Bentuk Instrumen** : Tes Identifikasi, Tes Simulasi

3. Soal :

- Naon téma dina téks hasil laporan anu ku hidep dibaca?
- Sebutkeun poko-poko tina hasil wawancara anu ku hidep dibaca!

Kinerja

Évaluasi dilakukan sepanjang kegiatan belajar-mengajar.

- Pék panggihan ku hidep, hiji jalma di wewengkon sakola (Kepsek, Guru, Staf TU, tukang dagang, nu ngajaga sakola, jrrd) pikeun diwawancara! Téma/topikna bébas! Tuluy salin hasil wawancarana kalayan merhatikeun eusi, struktur/organisasi eusi, tata basa, éjahan jeung karapihan tulisan!


Pikeun meunangkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngaliwatan tés. Siswa dibéré pancén nulis téks hasil wawancara nu satuluyna dipeunteun atawa diajén ku panalungtik maké tés ieu :

Gambar 2.1

Tés Nulis Téks Hasil Wawancara

TÉS NULIS

Pék panggihan ku hidep hiji jalma di wewengkon sakola (Kepsek, Guru, Staf TU, tukang dagang, nu ngajaga sakola, jrrd) pikeun diwawancara! Téma/topikna bébas! Tuluy salin hasil wawancarana kalayan merhatikeun eusi, struktur/organisasi eusi, tata basa, éjahan jeung karapihan tulisan!



LEMBAR KERJA SISWA

Wasta :

Kelas :

Téma :

Narasumber :



A large, faint watermark of the Universitas Pendidikan Indonesia logo is centered on the page. The logo is circular and contains a stylized red flower with a yellow sun above it, and the text 'UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA' and 'PERPUSTAKAAN' around the perimeter. Below the logo, there are 18 horizontal dotted lines for writing.